# Búgin 3-dekabr – Xalıqaralıq imkaniyatı sheklengenler kúni!

Bul kúndi keń túrde belgilewden tiykarǵı maqsetlerden biri pútkil dúnyada ámelge asırılıp atırǵan baǵdarlama hám joybarlarda imkaniyatı sheklengen insanlardıń basqa mayıp bolmaǵan adamlar menen teń huqıqlılıq tiykarında qatnasıwın támiyinlew, olardıń máplerin hám huqıqların qorǵawdan ibarat.
Búgin Nókis «Múriwbet» hayallar internat úyindegi puqaralardan xabar alındı. «Múriwbet» úyi 250 orınǵa mólsherlengen bolıp, emleniwshiler ushın barlıq qolaylıqlar jaratılǵan. Atap aytqanda sport benen turaqlı shuǵıllanıw ushın sport zal, málimleme resurs orayı, hár qıylı dógerekler solar qatarınan. Emleniwshiler bos waqıtlarda tigiw hám toqıw menen shuǵıllanadı. Olardıń qol óneriniń kórgizbeside shólkemlestirilgen.
«Xalıqaralıq imkaniyatı sheklengenler kúni» múnásibeti menen Qaraqalpaqstan Respublikası 1-sanlı mehribanlıq úyi dóretiwshilik balalar toparı tárepinen koncert baǵdarlaması koyıp berildi, sonıń menen birge «Múriwbet» hayallar internat úyindegi puqaralarǵa hár qıylı sawǵalar inám etildi.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Sonday-aq, Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligine qaraslı 4-sanlı hám 6-10-sanlı mektep internatlarında tárbiyalanıp atırǵan balalardan da bayram múnásibeti menen xabar alındı. Olarǵa hár qıylı oqıw quralları, kiyimler hám turmıslıq zárúrli buyımlar sawǵa etildi. Sonday-aq, bir neshe orınlarda imkaniyatı sheklengen puqaralar ushın koncert baǵdarlamaları shólkemlestirilip sawǵalar tapsırıldı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

«Xalıqaralıq imkaniyatı sheklengenler kúni»ne baǵıshlap ótkerilgen búgingi ilájlarda da imkaniyatı sheklengenlerge sociallıq járdem kórsetiw, materiallıq hám ruwxıy jaqtan qollap-quwatlaw, olardıń jámiyette óz ornın iyelewine imkaniyatlar jaratıw baǵdarında respublikamızda ámelge asırılıp atırǵan isler bul baǵdarda Prezidentimiz tárepinen imkaniyatı sheklengenlerge kórsetilip atırǵan ǵamxorlıq, keń jámiyetshiliktiń de sawaplı islerde belsene qatnasıwınıń ayqın dáliyli esaplanadı.

Image not found or type unknown

Hár jılı «3-dekbr – Xalıqaralıq imkaniyatı sheklengenler kúni» sıpatında respublikamızda keńnen belgilenip keliniwi húkimetimiz tárepinen alıp barılıp atırǵan kúshli hám mánzilli sociallıq qorǵaw siyasatınıń ayqın dáliyli esaplanadı.

QR MinistrlerKeńesi Málimleme xızmeti